

# Kuisa Mapikicha Ako paSocial Network

Imbofunga nezvemienzaniso inotevera.

## MUENZANISO #1

Ngatitii uri maneja webhizinesi riri kubudirira chaizvo, uye uri kuda vechidiki vanokushandira. Sezvo vachizomiririra iwe nekambani yako, unotarisira kuti vaya vaunosarudza vange vari vanhu kwavo.

Iye zvino ngatitii imwe shamwari yako yauya ku-zotsvaga basa. Nyora zita reshawari yako yauri ku-funga kupa basa.



Zita: \_\_\_\_\_



Munhu uyu achaita kuti vanhu vafarire kambani yangu here?

---



---

Nezvandaona izvi, ndingapinza munhu uyu basa here?

---



---



---



# MUENZANISO #2

Uri kuenda kunotsvaga basa. Murume wauchange uchizoshandira, ndi-manēja webhizinesi riri kubudirira chaizvo. Ari kutsvaga vechidiki vekuti apinze basa. Asi vanhu vaanoda kupinza basa vachazomiririra iye neka-mbani yake, saka anoda kuti vange vari vanhu kwavo.

Kana uine akaundi ye-*social network*, enda paa-kaundi yako, woongorora mapikicha aripo—wonyora kuti munhu anenge achi-da kukupinza basa anga-fungei nezvako paanoona mapikicha ako uye zvawa-kanyora ipapo.



Mapikicha anoita kuti vanhu vafunge zvakasi-yana siyana nezvako. Semuenzaniso vanhu pavanoona munhu ane mufananidzo uri pa-musoro apa vanogona kufunga zvinhu zviviri.

- A. Ane ushingi
- B. Haana kuchenjera

Papikicha yega yega, nyora zvinhu zviviri zvaunofunga kuti ndozvakaita munhu wacho.



- A. \_\_\_\_\_
- B. \_\_\_\_\_



- A. \_\_\_\_\_
- B. \_\_\_\_\_

